

**ЦИЙНÆ КÆНУНМÆ ЦИ ЗÆРДÆ АРÆХСУЙ, ЦАРДБÆЛЛОН ДÆР Е ФÆУУЙ!..**

*Джалаладдин РУМИ (1207-1273), персайнаг поэт: «Æ сæр цъаййи талинги ка нитътъунста, еци адæймаг фæрсуй: «Уотæ дзорунцæ, дуйне, дан, хор æма мæйи рохс тунтæй идзаг æй. Кæд е æцæг æй, уæд кæми ’й еци рохс?..» Гъей, дæ сæр цъаййæй исласæ, дæ алливарс дуйнемæ ракæсæ: хорискæсæн дæр æма хорнигулæн дæр рохси тунтæй тæмæнтæ калуй!.. Фал цалинмæ цъаййи æй, уæдмæ ду уонæй æнæхай уодзæнæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№45 (916) 2023 анзи 2 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман




# АДÆМÆН УОДÆНЦОЙНÆ ХАСТА, ДУЙНЕ СИН РАЙДЗАСТДÆР КОДТА...

*«Цæмæй ди нифс бацæуа, уой туххæй дæхуæдæг дæр ескæмæн нифсдæттæг уо!..» Аци фæдзæхст нæмæ нæ рагфидтæлтæй æрбахъæрттæй, æма ни беретæ уой куд нæ фегъустайуонцæ. Фал фæдзæхстæн æ фегъосун еу æй, е ’нхæст кæнунбæл рæстуодæй байархайун ба кæмити сæйрагдæр æй. Æма еци лæгдзийнадæй фескъуæлхун кæд ескæмæн бантæстæй, уæд уонæн сæ фиццæгтæй еу адтæй ЦОРИОНТИ Ибрагими фурт Барис дæр. Алæмæти искурдиадæгин дохтир, медицинон науките доктор, нæ медицинон уæлдæр ахургæнæндони дзæвгарæ рæстæгути дæргъи кафедри сæргълæуузæг, медицинон косгути берæ фæлтæрти гъомбæлгæнæг, Устур Фидибæстон тугъди хъазауатон архайæг, паддзахадон бæрзонд хуæрзеугути хецау, зæрдхæлар æма адæмуарзон адæймаг... Берæ арфиаг менеугутæй нæ Исфæлдесæг фæххайгин кодта Цориони-фурти. Æма си æгириддæр неци бавгъау кодта нæ дзиллæн, рæстзæрдæй син лæггадæ кодта, æ агъаз ке багъæуидæ, уонæн. Хумæтæги ’й абони дæр ма, не ’хсæн кæд нæбал æй, уæддæр ма бозæй æримисунцæ, кадæриддæр æй зудта, етæ. Сæ имисуйнæгти сæйрагдæр гъуди ба фæуый: «Адæмæн уодæнцойнæ хаста, æма син уомæй сæ дуйне райдзастдæр кодта...»*

*Уæлдай зæрдиуагонæй ба ’й абони имисæн – хуæрзæрæги, 10 ноябри æ райгурдбæл исæнхæст æй сæдæ анзи (1923-1995). Уой фæдбæл абони мухур кæнæн сæрмагонд æрмæг 4-5-аг фæрстæбæл.*

**АХСГИАГ МАДЗАЛ**




## АДÆМÆН СÆ САГЪÆССАГ ФАРСТАТÆН – ГЪУДДАГÆЙ ДЗУАПП

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** искодта аллианзон комкоммæ эфир æма дзуæппитæ равардта цæргути фарстатæн. Эфир адтæй телеканал «Осетия-Иристон»-бæл, цудæй æртæ сахаттей дæргъи. Дзубанди рауадæй æхсæнадон транспорти, ахуради къабази ирæзти, уæлбарæ лæггæдтæй пайдагæнæг адæмæн хуастæ лæвар дæттуни, æхсæнадон фæзуæтти æма фæндаггон инфраструктури ахсгиагдæр фарстатæбæл.

Телестудий хæццæ бастдзийнади адтæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар, æ хуæдæййевгутæ, æнхæстгæнæг хецауади минæвæрттæ, районти разамонгутæ.

3

**НОМЕРÆН**



## ДÆ НОМИ КАДÆ – ДÆ ГЪУДДÆГУТÆ!..

«Гъæуама мæ фæсте ести зингæ фæд ниууадзон..» Уотæ зæгъуй ХÆМИЦАТИ Цæрайи драмон уадзимистæй еуей архайæг. Æма зæгъун æнгъезуй, раст еци гъудимæ гæсгæ Цæрай æхуæдæг дæр аразта æ карни хабæрттæ. Æма ин, куд æ педагогон, уотæ æ исфæлдистадон архайди дæр берæ бантæстæй, æ хъиамæттæй æ фæсте æцæгæйдæр ниууагъта зингæ фæд. Абони ба ин æ рохс ном имисæн ахсгиаг цауи фæдбæл – 28 ноябри Цæгат Иристони адæмон финсæг Хæмицати Хакъиасси фурт Цæрайи райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1933-2021). Уой туххæй æрмæгутæ кæсетæ нæ газети абониккон номери 6-7-аг фæрстæбæл.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**


http://gazeta-digora.ru    E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-йи сæйраг нисан æй, 2030 анзмæ Уæрæсей Федераций адæймаги царди дæргъцæ 78 анзей уæнгæ куд исирæза, нæ бæсти цардгъон адæми нимæдзæ куд фæффулдæр уа, уобæл байархайун. Аци гъуддаг исæнхæст кæнун хъæбæр ахсгиаг æй: уæд нæмæ нæхе æнæнез æма кустгъон адæми бæрцæ фæффулдæр уодзæнæй.***

## ЦÆРÆНУÆТТИ АРÆЗТАДÆ



Цæгат Иристони арæзтадæ æма архитектури министради æхсæнадон советти æмбурди архайгутæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй нæ республикæ цæрæнуæтти арæзтади пълан уæлдайгунтæй æнхæст кæнуй. Аци анзи дæс мæйемæ исаразтонцæ 415206 квадратон метри цæрæнуæттæ (гъома, фари хæццæ рабаргæй, 33,4 процент фулдæр). Уонæй 181251 квадратон метри исаразтонцæ хецæн адæймæгутæ, 233955 квадратон метри ба æнцæ берæфатерон хæдзæрттæ.

Аци хабармæ гæсгæ зæгъун гъæуй уой дæр, æма цæрæнуатон субсидитæ (еу миллион соми) æригон специалисттæн агъаз кæнуни программæмæ нерæнгæ лæвæрд æрцудæй нæудæсемæн.

## АХСГИАГ СОЦИАЛОН ФАРСТА



Цæгат Иристони устурдæр базарадон центрти бахезæнтæ куд ефтонг æнцæ пандустæ æма сахъат адæмæн гъæугæ иннæ техникон фæрæзнитæй, уой исбæрæг кæнуни нисанеуæгæй нæ республики экономикон ирæзти министради æма æндæр профилон ведомствити минæвæрттæ бабæрæг кодтонцæ 34 аллихузон базарадон центри. Хатдзæгтæмæ гæсгæ, коляскæбæл ка цæуй, еци сахъат адæймагæн гъæугæ еугур техникон фæрæзнитæй ефтонг æнцæ айдагъдæр 2 базарадон центри. Уæхæн равгитæ кæми нæ разиндтæй, еци базарадон кустуæтти хецæуттæн ба ихæсгонд æрцудæй, цæмæй аци къуари адæмæн сæ организацити æвæстеуатæй исаразонцæ еугур гъæугæ фадуæттæ дæр.

## НÆУÆГ КИУНУГÆ




Цæгатиристойнаг рауагъдадæ «Ир»-и рацудæй нæ республики сувæллæнтти фиццаг энциклопеди «Мæ Иристон». Нæ республики ахсгиаг историон цаути хæццæ дзиллити ка зонгæ кæнуй, еци энциклопедий дзубанди цæуй социалон-экономикон, наукон-културон æнтæстдзийнæдти, не 'мзæнхон номдзуд адæймæгути æскъуæлхтдзийнæдти туххæй. Энциклопедий тиражи кæцидæр хай балæвар кæндзæнæнцæ республики библиотекитæн. Хуарз уидæ, скъолатæ æма æндæр ахургæнæндæнттæмæ дæр лæвæрд ку 'рцæуидæ, уомæн æма е исуидæ зингæ агъазгæнæг фæрæзнæ нæ ирæзгæ фæлтæрти Фидибæстæ зонун æма ибæл æновуд унбæл гъомбæл кæнуни кусти.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Цæгат Иристонæн æхеми ке куст кæнунцæ, уонæй уæлдай ма нæмæ рæзæ æма халсартæ ласт цæунцæ фæсарæнтæй дæр: нерæнгæ бал Гурдзийæй æрбаластонцæ 44 мин тонни, Туркæй – 1513 тонни, Узбекистанæй нæмæ исæрвистонцæ гъæдзиндзи 66,9 тонни, Азербайджанæй – балити 19 тонни æма кæрдтути 19,4 тонни.

* * *

**Туйгъанти Мухарбеги номбæл Аййевадон музейи рæхги гъæуама райдайонцæ цалцæггæнæн куститæ. Уомæн дехгонд цæуй 10 миллион сомий. Куд нисангонд цæуй, уотемæй иннæ анз ауæхæн куститæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ нæ республики цалдæр културон-рохсадон косæндонеми.**

* * *

Уæрæсей адæмти æвзæгтæй олимпиадитæ кæбæл гъæуама цæуонцæ, уони номхигъдмæ хаст æрцудæй нæ маддæлон æвзаг дæр. Е бæргæ æхцæуæн хабар æй, фал бабæй æй нæ хецмæрез чиновникти фудæй ку никкуддæртæ кæнонцæ æма бабæй дигорон æвзаг кæмидæр фæскъумти ку нæ райзайидæ.

* * *

**Аци анзи фараст мæйей дæргъи тæрхонæнхæстгæнæг пъиристæфтæ ихæстæдаргутæй байстонцæ 3 миллиард сомемæй фулдæр. Уонæй 150 миллион соми байстонцæ, сæ сувæллæнттæ алиментæ федунæй æхе ка тиллеф кодта, еци ниййергутæй, 10 миллион соми ба, сæ косгутæн мизд гъæугæ фæткæмæ гæсгæ ка нæ фиста, еци кустдæттгутæй.**

* * *

Цæгат Иристони Тæбæхсæути Балой номбæл паддзахадон академион театр «Золотой Витязь», зæгъæ, Æхсæндуйнеуон театралон форуми хуарзæнхæгонд æрцудæй æртæ дипломемæй. Лæвæрд ба ин æрцудæнцæ номдзуд англисаг драматург Уильям Шекспири пьесæ «Король Лир»-мæ гæсгæ æвæрд спектакли туххæй. Аци уадзимис нæ национ театрæн, зæгъун æнгъезуй, кæд æма кæд иссæй æ хеуон – дæсгай æнзти дæргъи æвдист цудæй е сценæбæл. Æма, æртинсæй анзей фæсте, нури рæстæгутæмæ гæсгæ 'й «бакæсгæй», нæуæгæй исæвардтонцæ театри артистти нæуæг фæлтæр. Æ премьерæ адтæй аци анз феврали.

* * *

**Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-йи фæлгæти Цæгат Иристонæн 2023 анзи дехгонд æрцæуадзæнæй 650 миллион соми.**

## НАЦИОН ÆМА КОНФЕССИОНАЛОН РАХАСТДЗИЙНÆДТÆ



# АДÆМТÆН СÆ ÆМЗУНД-ÆМУНАФФÆ ЦАРДИ ФÆРЦИ ИРÆЗУЙ СÆ ЕУГУРЕЙ ФАРНÆ ДÆР!..

Цæгат Иристони национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Аланæн** æрæги адтæй фембæлд дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ. Аци мадзали ахсгиагдзийнадæ бæлвурд æй, уомæн æма си дзубанди цудæй нæ цардиуагæ зæрдæмæдзæугæй аразуни гъуддаги нин сæйрагæй-сæйрагдæр ка 'й, еци фарстати фæдбæл.

Куд зонæн, уотемæй нæ республикæ æй берæнацион æма берæконфессионалон, уомæ гæсгæ ба нин алкæддæр ахсгиаг адтæнцæ æма лæмбунæг архайд цудæй, цæмæй, нæ республики ци адæмихæттити минæвæрттæ цæруй æма фæйнæхузон динтæбæл хуæст ка 'й, уони 'хсæн федар уонцæ кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ, æмвæндæ æма æмунаффæй архайун нæ еумæйаг хæдзари – Цæгат Иристони цардгъондзийнадæ тухгинæй-тухгиндæр кæнунбæл, цæмæй си цийфæнди хæлхъойтæн сæ кой æмгæрон дæр ма уа, цæмæй нæмæ еугур адæмихæттити æма конфессити минæвæрттæн дæр уа равгитæ сæ национ æма дини гъуддæгутæ æнхæст кæнунæн.

Министр куд радзурдта, уотемæй нæ республики еугур аци фарстатæбæл еудадзугдæр æнхæстгонд цæуй гъæугæ куст. Нуртæккæ Цæгат Иристони цæруй авд æма фондзинсæй адæмихаттей минæвæрттæ. Уонæй финддæс æма инсæй адæмихаттемæн ес сæхе хецæн национ æхсæнæдтæ, кæцитæ сæ рæстудæй архайди фæрци устур æвæрæн хæссунцæ нæ республики адæмти 'хсæн хæлар рахастдзийнæдтæ аразуни гъуддагмæ.

Министради архайди уæлдай æргом æздæхт цæуй терроризм æма экстремизми фæззиндтити нихмæ тох аразуни фарстатæмæ. Еци фæззиндтитæ уоййасæбæл тæссаг æнцæ, æма айдагъ хецаудзийнади къабæзтæ нæ, фал не 'хсæнадæ дæр нæ хъауритæ æма равгитæ æрбайеу кæнгæй, æнæгъæнæйдæр гъæуама еудадзугдæр уæн уæлдай къæрцгъос.

Нæ национ диаспоритæ æма æхсæнæдтæ 'нцæ айдагъ нæ бæсти алли регионти нæ, фал сауæнгæ фæсарæнти дæр. Сæ хæццæ нин ес федар бастдзийнæдтæ, арæзт цæунцæ æмгустади аллихузон мадзæлттæ дæр, фиццагидæр, уой фæдбæл, цæмæй еци рауæнти цæрæг не 'мзæнхонтæй фулдæр цæуонцæ нæ республикæмæ æма ами сæ фидтæлтиккон национ култури хæццæ фулдæр зонгæ кæнонцæ. Цалдæр анзи бацæттæ кæнæн цæмæдесаг «Этнолагерь». Æрбахонæн фæсарæнтæй не 'мзæнхон фæсевæди, Иристони ка нæ райгурдæй, уæхæнтти, базонгæ сæ кæнæн нæ национ истори, културæ, æгъдæуттæ æма фæткити хæццæ. Æнæмæнгæ зæгъун гъæуй уой, æма аци мадзалæн æ фадуæттæ æма уавæртæ анзæй-анзмæ гъомусгиндæр кæнунцæ, урухдæр кæнунцæ æ гæнæнтæ æма равгитæ.

Фембæлди рæстæг ма дзубанди цудæй, 2024 анзи нæ республикæ ке бæрæг кæндзæнæй Цæгат Иристони автономий 100 анзей, Иристон Уæрæсей хæццæ байеу уни 250 анзей, Дзæуæгигъæуи 240 анзей æма Хетæгкати Къостай райгурди 165 анзей юбилейти фæдбæл ци мадзæлттæ арæзт æрцæуадзæнæй, уони туххæй.

## ФОРУМ «УÆРÆСЕ»

# ИРИСТОНИ КУЛЬТУРИ МИНÆВÆÆРТТÆ БАРОХС КОДТОНЦÆ АДÆМИ ЗÆРДИТÆ СÆ АЙЙЕВАДÆЙ

***Мæскуй Адæмон хæдзаради æнтæстдзийнæдти еугуруæрæсеуон центри идарддæр æ куст кæнуй дуйнеуон форум «Уæрæсе». Евгъуд къуæрей Республикæ Цæгат Ирсистон-Аланий экспозици лæвæрд адтæй культури къабази зингæдæр цаутæн. Æ архайгутæ ба адтæнцæ республики културæ æма аййевади минæвæрттæ.***

Къуæрей дæргъи цæгатиристойнаг стендтæ ка бабæрæг кодта, еци иуазгутæ, уæдта фусунтæн, сæ фембæлди рæстæг байеудагъ уидæ зæрдæмæдзæугæ дзубанди Иристони културæ æма аййевади абони уавæрбæл, сæ идарддæри райрæзти нисантæбæл...

Ке зæгъун æй гъæуй, стенди иуазгутæмæ берæ фарстатæ разиндтæй, Цæгат Иристони култури ахсгиагдæр цаутæ æма зингæдæр архайгути цард æма исфæлдистади туххæй – æма си алкедæр фусунти 'рдигæй лæмбунæг дзуапп райста.

Култури къуæрей дæргъи нæ республики экспозиций фæууинæн адтæй **Цхурбати Олеги**, **Цæрикъати Билари**, **Джиоти Вадими**, **Черчести Таймураз** æма иннæ искурдиадæгин скульпторти куститæ. Аци автортæн се 'сфæлдистадæ æнгом баст æй нæ адæми истори æма гъæздуг фидтæлтиккон æгъдæутти хæццæ. Еци хуæдбундордзийнадæ аййевадæуарзгути зæрдити уæлдай цæмæдесагдæр æнкъарæнтæ алкæддæр райгурун кæнуй. Уотæ адтæй аци хатт дæр – экспозиций иузагутæ бæрзонд аргъ искодтонцæ иристойнаг скульпторти армдзæфæн.

Мадта игъустгонд дизайнер **Годжицати Изольди** æрмадзи худ национ уæледарæс дæр деси ке нæ бафтаудзæнæй? Аци хатт зæрингурд равдиста национ уæледарæси коллекци «Адæмти хæлардзийнадæ».

Форумæн æ райдайæнæй абони уæнгæ æ еудадзугон архайæг æй нæ адæмон кæфтити мæскуйаг ансамбль «Алани». Æма мадта култури къуæре æнæ «Алани»-йæй куд исфедудтайдæ? Ансамбли артисттæ аййевæй ракафтонцæ «Хонгæ» æма иннæ национ кæфтитæ.

Култури къуæрей фæлгæти арæзт æрцудæнцæ æндæр зæрдæмæдзæугæ æма цæмæдесаг мадзæлттæ дæр.

Аци къуæрей ба цæгатиристойнаг экспозици лæвæрд æй ахуради къабази хæццæ баст æрмæгутæн.

***Нæ уацхæссæг***

**Цæгат Кавкази Советон хецаудзийнадæ æрфедар кæнунбæл тохгæнгути зингæдæр раздзæугутæй еу, номдзуд паддзахадон архайæг Бутати Савви фурт Хъазбеги райгурдбæл 4 декабри æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1893-1938).**



# АДÆМÆН СÆ САГЪÆССАГ ФАРСТАТÆН – ГЪУДДАГÆЙ ДЗУАПП

1

### АГЪАЗИ МАДЗÆЛТТÆ

Уæрæсей Президенти унаффи 2024 анз нимад æрцудæй Бийнонти анзбæл, уомæ гæсгæ фарстатæ адтæнцæ бийнонтæн агъази мадзæлттæбæл. Сергей Меняйло байхæс кодта Финансон ведомстви, Фæллойнæ æма социалон ирæзти министртæн, цæмæй рагацау исбæлвурд кæнонцæ агъази регионалон нисантæ. Уони фæрци бийнонти институт ирæздзæнæй. Нур бал исфæндæ кодтонцæ, фиццаг сувæллон кæмæн фæззиндтæй, фондз æма инсæй анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еци силгоймæгтæн бафедун фæйнæ 50 мин соми. Æнгъæлдзау силгоймæгтæн сæ цæрæнбунæттæ кæми ’нцæ, уой нæ нимайгæй, иннæ анз еугур арæндæнтти нæуæгигурдтæн дæр дæтдзæнæнцæ комплекттæ.

### НÆДТИ УАВÆР

Мæздæги районы Комаровой гъæунги цæрæг **Икъоти Аркадийи** фарста баст адтæй Руденкой гъæунгæ асфальтæй исæхгæнуни туххæй. Гъæуихецау **Адирхати Руслан** куд радзурдта, уотемæй Мæздæги района бюджети фæрци 2024 анзи надмæ базелдзæнæнцæ. Ногири гъæуи автомобилон хеди фарста дæр рæнгъæмæ рахастонцæ. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй Уæрæсей Президент исæвардта республики курдиæттæн федералон бюджетæй фæрæзнитæ радех кæнуни ихæс.

«Хед æртæ мæйемæ не ’саразунцæ. Беретæ уомæ æнгъæлмæ кæсунцæ. Мах бал нæхе харзæй проектон-хæрзти гæгъæдитæ искодтан, паддзахадон экспертизæ рацудæй. Арæзтади æмгъуд æй 12 мæйи. Фæзмæ рацæунмæ цæттæ ан, куддæр нæмæ бюджети æхца æрхъæрта, уотæ. Кенæ аци анзи кæрони уодзæнæй, кенæ ба иннæ анзи райдайæни. Иннæ анз куститæ райдайдзинан», – загъта Сергей Меняйло. Дзæуæгигъæуи Гагарини гъæунгæмæ базелуни курдиадæ балæвардта **Вероникæ Зимина**. Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг **Милдзихти Вячеслав** куд радзурдта, уотемæй национ проект «Æдас æма хуæрзгъæдæ автомобилон нæдтæ»-мæ гæсгæ 2024 анзи æртиккаг квартали бавналдзæнæнцæ Доватори проспектæй Къостай проспектмæ нади километр цалцæг кæнунмæ.

### ÆХСÆНАДОН ТРАНСПОРТ

Гизæл æма Ногири гъæути цæргутæй тæккæ фулдæр гъæститæ цæуй æхсæнадон транспорти кусти туххæй. Етæ ’нцæ регионы разамунддæттæн центри хатдзæгтæ. Республики разамонæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй нуртæккæ Хецауади размæ æвæрд æрцудæй транспортон реформæ исаразуни ихæс. Документтæ барæвдзæ кодтонцæ, нæуæг автобустæ æлхæндзæнæнцæ, бæлццæнттæ ласгæй, лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæмæ гъос дарун гъæуй. Нур бал маршрутон хузæ раййивтонцæ.

«Фиццаг нæуæг 67 автобуси равардтан Дзæуæгигъæу-Алагир æма Дзæуæгигъæу-Беслæни маршруттæн. Республикæ лизинги фæрци уæлæнхасæн автобустæ есуй. Гъæуама æмдзогæнæг маршруттæ исаразæн, транспорт балхæнгæй, муниципалон искондти ’хсæн маршруттæ рауадздзинан. Уоми уодзæнæнцæ Гизæл æма Ногир дæр», – фæббæрæг кодта республики разамонæг.

Дзæуæгигъæуи цæргути тухсун кæнуй трамвайти ’змæлди график. Сергей Меняйло бафæдзахста нимæдзон ирæзти Комитетæн, цæмæй бакосонцæ онлайн-æфтауæнбæл, уæд æхсæнадон транспорти змæлдмæ цæстæ дарæн уодзæнæй. «Кæд трамвай æскъæргутæ нæ фагæ кæнунцæ, уæд сахари администраци искæнуй ахуртæ, специалисттæ фæззиннунцæ. Гъæуама трамвайтæ цæуонцæ линитæмæ, лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæ дæр гъæуама уæлдæр кæнæн. Нимæдзон ирæзти Комитет бакосдзæнæй онлайн-æфтауæнбæл, адæм зондзæнæнцæ вагæнтти змæлд, цалемæй рацудæнцæ кустмæ, уони», – дзуапп равардта Сæргълæууæг.

### СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИ ÆМА ЧЕРНИГОВСКАГ РАЙОНÆН АГЪАЗ

Дзубандий устурдæр хай байахæста сæрмагонд æфсæддон операци. Сæргълæууæги хæццæ бастдзийнади фæрæзнити фæрци рацудæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ. Етæ республики Сæргълæууæгæн æ агъази туххæй арфи дзурдтæ загътонцæ. Сергей Меняйло сæмæ фæсседтæй æма син загъта: «...Уæхе гъæуай кæнетæ, Уасгергий фæдзæхст уотæ. Арфæ уин кæнун, лæхъуæнтæ!» Куд бафеппайдта, уотемæй нуртæккæ фæллойнæ æма социалон ирæзти Министрадæ косуй «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи паддзахадон фонди хæццæ. Етæ агъаз кæнунцæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн, сæ бийнонтæн, ветерантæн.

Запорожьей рапарахат кодтонцæ агъазгъæуагæ сабурцæрæг адæм æма тугъдонтæн гуманитарон агъази еугонд центр. Ардæмæ хъæртун кæнунцæ гуманитарон агъаз, сæрмагонд фæрæзнитæ, гъæугæ техникæ, æфсæддонти бийнонтæй æрвистæгтæ, хуастæ. Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ, агъази хизæ исаразтонцæ 2022 анзи мартъий, е косуй лæмбунæг æма хуæздæргæнгæ цæуй. «Мах кæддæриддæр уæ рази ан æма уодзинан», – загъта Сæргълæууæг.

Телестудимæ бастдзийнади фæрци рацудæй Запорожьей облæсти ахуради министр **Еленæ Шапурова**. Е Цæгат Иристонæн райарфæ кодта æ агъази туххæй. Сергей Меняйло куд фæббæрæг кодта, уотемæй Цæгат Иристон æ агъази хай кæндзæнæй идарддæр дæр. «Цитæ исаразтан, уонæмæ æркæсдзинан, фæннисан кæндзинан, ци ма гъæуй исаразун, еци фарстатæ дæр. Идарддæр дæр косдзинан, хæларæй цæрдзинан», – загъта Сергей Меняйло.

### СТАДИОН «СПАРТАК»

Республики стадион «Спартак»-и арæзтадон куститæ æнæ къулумпитæй ке цæунцæ, уой туххæй загъта Цæгат Иристони Сæргълæууæг. Æ цæттæдзийнадæ хъæртуй 65 процентемæ. «Стадиони арæзтади дессагæй неци ес, проектмæ нæуæгæй æркастан, æхца райстан. Уой хæццæ зиндзийнæдтæ адтæй, фал фæстегæй райзадæнцæ. Нур гъæуама 15 маймæ премьер-лиги байархайуни туххæй курдиадæ бадæтдзинан. Уæдмæ не спортивон фæзæ цæттæ уодзæнæй 100 процентемæй», – загъта Сергей Меняйло.

### ÆНÆХЕЦАУ ЦÆРÆГОЙТÆ

Аци фарста исиста **Зæнгиати Светланæ**, хъæбæр æй тухсун кæнунцæ æнæхецау сторвонс. Комкоммæ эфири Сæргълæууæг районти разамонгути размæ исæвардта фонсхезæн бунæттæ исбæлвурд кæнуни, гæгъæдитæ син исаразуни ихæстæ». «Фал, уæддæр уомæй фонс гъæунгтæй райеуварс кæнæн нæййес. Гъæуама сæмæ каст цæуа. Районтæй еуеми исаразтан æнæхецау фонси иваресæн фæзæ. Куд косдзæнæй, уой фæууиндзинан æма идарддæр косдзинан», – уæхæн адтæй разамонæги хатдзæг

Мæздæги æма Æрæдони районти цæргутæ гъаст кодтонцæ æнæхæдзарæ куйти туххæй. Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ Дзæуæгигъæуи питомник фæуурухдæр кодтонцæ 12 хатти. «Мæздæги бавналдтан æнæхæдзарæ куйтæн бунат аразунмæ. Æрæдони район æмгъудтæ не ’сæнхæст кодта, сæ бон нæ бацæй æнæхæдзарæ куйтæн бунат исаразун. Нур гъæуама еци æхца фæстæмæ раздахонцæ республики бюджетмæ», – загъта Сæргълæууæг.

### АХУРАДÆ ÆМА НАУКÆ.

Ахуради фарстатæ байахæстонцæ рæстæг. «Рæстæг домуй, цæмæй скъолай агъоммæ, скъолай, астæуккаг æма уæлдæр ахурадæмæ æндæр цæстæй ракæсæн. Искурдиадæгин сувæллæнтти центр «Вершина» байгон кодтан, скъолати «Ирæзти тæлмитæ» косунцæ, ес нæмæ кванториум. Инженерон цæттæдзийнадæмæ гъос дарæн, еци дæсниæдтæ агурд цæунцæ. Цалдæр мæскуйаг институтей хæццæ бафинстан бадзурдтæ, гъæуама нæ ахуради æмвæзадæ фæббæрзонддæр кæнæн. Размæ цæуæн, нæ хæццæ арази ’нцæ нæ бæсти ахурадæ æма науки, рохсади Министрадтæ, наукити Академи. Айдагъдæр финанстæ æма кредиттæ, юриспруденци ахсгиаг ку адтæнцæ, еци рæстæг фæстегæй райзадæй. Инженери дæсниадæ райсунбæл ка ниххуæстæй, еци адæймагæн æ равналæнтæ парахатдæр уодзæнæнцæ. Педагогон кадрти фарстатæмæ дæр устур æргом æздахæн, æригæнттæ фиццаг анз есдзæнæнцæ мизди уæлæнхасæн 70 проценти, дуккаг анз ба – 50 проценти. Скъолатæн фæстæмæ равардтан разæнгардгæнæн, фæсурокти, педагогон устур стажи туххæй феддонтæ», – радзурдта Сергей Меняйло.

### ЦÆРÆНУАТОН-КОММУНАЛОН ХÆДЗАРАДИ КЪАБАЗÆ

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради къабази туххæй фарстатæ дæр берæ адтæнцæ. Коммуналон лæггæдти туххæй феддон ке фæффулдæр æй, еци фарстайæн Сæргълæууæг равардта уæхæн дзуапп: «Уæрæсей Хецауади Унаффæй алли регион дæр æхуæдæг æвæруй тариф фæббæрзонддæр кæнуни бæрцæ, фал е уобæл дзорæг нæй, æма ’й мах 14 процентемæй фулдæр фæккæндзинан». Уомæй уæлдай, гъæуама байеу кæнонцæ республики электрон хæдзаради кустуæттæ, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради ихæстæ райсдзæнæнцæ æма ’й райараздзæнæнцæ. Гъæуама адæммæ лæггæдтæ хуæрзгъæдæй хъæртонцæ.

Аци анз кæронмæ æрхъæрттæй бугъдæнтти райарæзт, арæзтадон бугъатæ æфснайуни бунат исбæлвурд кæндзæнæнцæ 2024 анзи.

Комкоммæ эфири рæстæг куста коллцентр, фадуат адтæй фулдæр фарстатæ райсунæн. Æдеугурæй райстонцæ 1500 курдиади, еци фарстатæн дзуæппитæ ратдзæнæнцæ районти æма республики æнхæстгæнæг оргæнти бæрнон косгутæ.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий***
***æма Хецауади пресс-службæ***

**Цæгат Иристони адæмон хузæгænæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Хайти Хъасболати фурт Владимири райгурдбæл 2 декабри æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1933-2009).**

***БЕРИТИ Эльбрус, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт дохтир: «Цорионти Бариси туххæй, куд дæсни хирург, уотæ ахид фегъосинæ берæ хæттити рæсугъд хабæрттæ. Мæ фиццаг фембæлди ба фæууидтон айдагъ устур ахургонд нæ, фал ахургæнæг, хестæр æмбал, зæрдхæлар æма кустуарзон адæймаг...Мæ зæрдæмæ хъæбæр цудæй, студенттæмæ ци фæлмæн цæстингас дардта, е. Тæрсгæ си нæ кодтонцæ, фал æй дессаги берæ уарзтонцæ, устур кадæ ин кодтонцæ...»***



ЦОРИОНТИ Барис æ косæн уати паддзахадон медицинон академий.

# АДÆМÆН УОДÆНЦОЙНÆ ХАСТА, ДУЙНЕ СИН РАЙДЗАСТДÆР КОДТА...



**БАЛИКЪОТИ Тотраз (1953-2022),**
историон наукити доктор, профессор

***Аци æрмæг кæддæр бацæттæ кодта Баликъоти Тотраз, гъулæггагæн, е дæр абони не 'хсæн нæбал æй, фал ин уæддæр мухур кæнæн æ финст уац, уомæн æма хуарз зонгæ адтæнцæ, уæдта Баликъой-фурт хъæбæр бæрзонд аргъ кодта Цориони-фуртæн. Æма ни æруагæс кæнуй, се 'носон дуйней дæр син нæ Исфæлдесæг исаккаг кодта тæккæ уодæнцойнæдæр рауæн.***

***Æ дзубанди ба Баликъоти Тотраз райдæдта, Цорионти Барисæн е 'мгъæуккаг æма æ хуæрзæрдхуард Хъайирти Аслæнбег æ имисуйнæгти ци хабæрттæ æма цаути кой ракодта, уонæй.***

* * *

Хъайири-фурт ба уотæ имиста:

– Куд æмгъæуккæгтæ, уотæ нæ кæрæдзей хуарз куд нæ зудтайанæ, адтæй нин хуарз рахастдзийнæдтæ, ахид фембæлианæ æма кæрæдземæ ахид бауайанæ. Еу хатт бабæй Барисæн сæхемæ куд цудан, уотемæй æй синхæнттæй кадæр тургъи цидæр гъуддаги фæдбæл рауорæдта, æз ба сæ фатермæ бацудтæн. Уоми æ кæстæр фурт Жорикки къохи рауидтон... Сурх Стъалуй орден. Хъæбæр ниддес дæн: кæцæй имæ æй, æ фиди ма уæд? Дес ба уомæ гæсгæ никкодтон æма хуарз гъуди кодтон, Барис Устур Фидибæстон тугъд фæууни фæсте уордигæй сæхемæ ку исæздахтæй, уæд имæ хуæрзеугутæй айдагъдæр Намуси III къæпхæни орден æма цалдæр майдани фæууидтон. Уой дæр ибæл æдеугурæй цæйбæрцæдæр фæцæнцæ, уæдта сæ исиста... Цæмæн, зæгъгæ 'й, ку бафарстон, уæд æ дзуапп адтæй:

– Мæ фиди æнсувæртæ тугъдæй не 'сæздахтæнцæ, æма æз ба сæ рази мæ хуæрзеугутæй сæнттадæ кæндзæнæн?

Мæ зæрдæбæл еци дзубанди æрбалæудтæй, æма ин æ бийнойнаг Тамари фæрсун, кæцæй æй аци орден. Е байгон кодта скъапп æма мæмæ æрбалæвардта цалдæр минкъий къоппи. Ку сæ байгон кодтон, уæлдай деси ба уæд бафтудтæн. Уонæми адтæй... Фидибæстон тугъди дууæ ордени, Сурх Стъалуй дууæ ордени (æртиккаг ба Жорикки къохи), берæ аллихузон майдантæ, сæ еу – «Æхсардзийнади туххæй». Уæдмæ фæззиндтæй Барис æхуæдæг дæр, æма 'й аци хуæрзеугути туххæй ку фарстон, уæд гириз кодта, гъома, кæмидæр сæ иссирдтон, кæмæйдæр сæ радавтон, базари сæ балхæдтон...

Æнцад æй ку нæбал уагътон, уæдта мин се 'цæг хабар ракодта: тугъди фæсте цалдæр анзей дæргъи ибæл фæд-фæди исæмбалдæнцæ.

– Зудтон æй, цалдæр хатти мæ ке бавдистонцæ хуæрзеугутæ раттунмæ, уой... Фал мæбæл æмбæлгæ ба не 'скодтонцæ. Тугъди куд фæууй – абони ами дæ, исон ба æндæр рауæни, æндæр æфсæддон хайии равзурдзæнæ... Еудадзуги æмæнтъери... Гъе уой фудæй, æвæдзи, фæдздзæгъæлтæ ан мæ хуæрзеугути хæццæ. Еци хабæрттæ æз иронх дæр ма бадæн, тугъди цитæ ба не 'рцæуй... Æма дин уæдмæ ба, финддæсинсæй анзей дæргъи ба мæбæл æнай-æнойти «æгъзæлун» байдæдтонцæ.

Æз ин уайдзæфтæ кæнун байдæдтон, дæхебæл сæ цæмæннæ бакæнис, зæгъгæ, уæддæр 9 Майи.

Гъе уæддæр сæ некæд никкодта. Уогæ ин сæ еу хатт ба уæддæр никкæнун кодтон. Цæветтонгæ, кæцидæр анзи нæ республики юбилейи фæдбæл арæзт цитгин мадзалмæ Бариси дæр байагурдтонцæ. Æз имæ сæхемæ бацудтæн, цæмæй еумæ фарстонцæ, куд некæд сæ никкодта, зæгъгæ. Нæкæси, мæнæ ордентæн ма ци бæрæггæнæнтæ ес (колодкитæ), уони дæр нæ дардта.

Цорионти Барис цæйбæрцæбæл ездон, хуæрзæгъдау, зæрдихаттæй раст æма кæдзос адтæй, уой фæдбæл Хъайирти Аслæнбег æ имисуйнæгти ма ракодта мæнæ ауæхæн цауи кой.

– Кæддæр Барисмæ æ кустмæ бауадтæн. Ци уати бадидæ, уордæмæ ку бацудтæн, уæд си баййафтон еу рæстæмбес кари лæг. Нæ зонун, уой размæ сæ дзубанди цæй фæдбæл адтæй, фал æй балæдæрдтæн, Барис æ «иуазæгæн» еци зустæй ку загъта:

– Адæми æстъегъгутæ, гæртанесгутæ, кърахабортæ æндæр рауæн агорæ!.. Гъенур ба дин æй бацудайанæ уордæмæ. Æхе ку рæвдзæ кодта, уæд æ цардæмбал Тамари хæццæ имæ ниллæудтан, дæ хуæрзеугутæ дæр бакæнæ, зæгъгæ. Е уотæ ниффæрскъæ 'й, æма ин дууæ сахаттей дæргъи ци нæ фæккодтан, уæддæр нæ арази кодта. Æма æрæгиау æз дæр еци мæстгунæй фестадтæн æма ин загътон: «Кæд уотæ 'й, уæд мæ къах дæ хæдзари нæбал нифсæрдзæнæй!.. Мæ цардæй дæ раханхæ кæндзæнæн!..» Æма еци тæргайæй фендæунмæ бæргæ гъавтон, фал Тамарæ мæ размæ дуаргæрон æрлæудтæй, кæугæ дæр ма искодта.

Барис ма ци кодтайдæ – исарази æй. Раст зæгъгæй, надбæл нæ банцадæй æ хъур-хъурæй: «Мæ зæруайи ма мæ хуæрзеугутæй дзæгъ-дзæгъ кæнун ке байдæдтон, хе 'стаугæ биццеуи хузæн...» Æмбурд кæми адтайдæ, уордæмæ ку бацудан, уæд, уоми ка адтæй, уонæй æй ка зудта, етæ ибæл уайтæккæ æрбамбурд æнцæ æма етæ дæр десæ кæнгæй кастæнцæ, æ берæ хуæрзеугутæмæ. – Уой размæ ибæл сæ некæд фæууидтонцæ, æма 'й зæгъун: дæ фуртæн дин, æхсгæ мæ ку кæнонцæ, уæддæр операци нæбал искæндзæнæн!..

Æма уотемæй, еци тингунæй æ «иуазæги» фендæдуар кодта...

Баруагæс уи уæд, Барис уæхæн адæймаг нæ адтæй, æма, æ агъаз ке багъудайдæ, уомæн нæ фæййагъаз кодтайдæ – хъæбæр бæрзонд æвæрд имæ адтæй, куд дохтир, уотæ æ ихæстæ æнæмæнгæ æнхæст кæнуни фæдбæл бæрнондзийнадæ. Æма федарæй нæ бон æй зæгъун: уоййасæбæл кæмæ истингун æй, еци лæги фуртæн операци æнæискæнгæ нæ фæцайдæ, уомæн æма сæйгитæн кæмæдæр æма цæмæдæр гæсгæ фудæнæнтæ некæд æма неци хузи ракодтайдæ, уæхæн уодиконд ин нæ адтæй. Æцæг, еци лæхъуæни фиди хæццæ ба ин, баруагæс уи уæд, уой фæсте еумæйагæй æгириддæр нецибал адтæй – æ уодесæг адтæнцæ æдзæсгон адæймæгутæ.

Аци æма никкидæр ма берæ æндæр хабæрттæмæ гæсгæ нæ бон æй уотæ зæгъун, æма Цориonти Барис уоййасæбæл номдзуд лæг уогæй дæр алæмæти хуæдæфсармæ æма адæмуарзон, хуæрзæгъдау æма рæстуод адæймаг ке адтæй. Æ рохс æма зæрдтаг уодигъæдæ Барисæн е 'рдзон искондæй адтæнцæ, æ ниййергутæй.

Барис райгурдæй 10 ноябри 1923 анзи Лескени гъæуи. Дууадæс сувæллонемæй адтæй дуккаг. Ниййергутæн уæди доги æнцон кæми адтæй уал бæдоли гъомбæл кæнун, фал кустуарзон Ибрагим æма Зулехани цæуæт куд ирæзтæнцæ, уотæ сæхе хузæн кустуарзон разиндтæнцæ. Алкедæр хаста æ агъази хай æма еумæйаг хъауритæй аразтонцæ сæ цардиуагæ.

Ибрагим æхуæдæг раги бавзурста уаргъ. Дæс анзи ибæл цудæй, уотемæй ралигъдæнцæ 1898 анзи Донифарсæй Лескенмæ. Цуппар анзи исахур кодта Елхотти пусулмон скъолай (медресей). 1914 анзи ба æ карæмæ гæсгæ имæ фæдздзурдтонцæ паддзахи æфсади рæнгъитæмæ. Бахаудтæй Фиццаг дуйнеуон тугъди гулфæнти, дууæ анзей бæрцæ адтæй арæзтадон полкки æфсæддон, кодтонцæ цæугæдæнтти сæрти хедтæ. Бахъæрттæй сауæнгæ

## КИУНУГÆ – РОХС НÆМТТÆ ÆНОСОНГÆНÆГ



***Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий социалон-политикон кафедри профессор Сергей ПЛАХТИЙ 2009 анзи рауагъта киунугæ Цориoнти Бариси цардвæндаги туххæй. Алæмæти цæмæдесаг киунугæ рауадæй – бæлвурдæй си цæуй дзубанди Цориони-фурти карни аллихузон цаути фæдбæл, ес си номдзуд дохтир æма ахургонди ахурдзаути æма æмгустгæнгути имисуйнæгтæ, гъæздуг фæлгонцгонд къартæй. Адæми зæрдæмæ цæйбæрцæбæл хъæбæр фæццудæй, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма 'й абони кæд хецæн адæймæгути хæдзæртти кенæ ефстаг киунугæдæнтти иссерай, æндæр ибæл фæххуæст уæн нæбал ес. Уомæ гæсгæ ба нæмæ уотæ дæр кæсуй, æма 'й нæуæгæй рауадзун бæргæ хуарз уидæ.***

***Цориoнти Бариси тухxæй абони ци уац мухур кæнæн, уой цæттæ кæнгæй дæр испайда кодтан Сергей Плахтийи киунуги æрмæгутæй.***



***БЕЛИККАТИ** Барис, уæлдæр категорий дохтир: «Цорионти Барис адтæй ездон, æгъдаугин адæймаг. Æхе некæд некæмæй уæлиаудæр кодта. Æвæллайгæй хъазауат кодта, æ хъауритæ, æ уод не ’вгъау кодта сæйгитæн, кæцитæ си арфиаг уиуонцæ. Уомæй хуæздæр лæвар ба ци ес дохтирæн!.. Æз сæрбæрзонд дæн, уæхæн лæги хæццæ ке кустон, уомæй. Уогæ уотæ си, æ хæццæ архайгæ кæмæн рауадæй, уонæй хъæбæр беретæ зæгъдзæнæнцæ. Æма куд нæ имисæн уæхæн изæди!..»*






**ЦОРИОНТИ** Барис Германий зæнхæбæл тугъдтити рæстæг. Къарæбæл финститæ дæр æнцæ æхе къохæй финст.

Румыний уæнгæ. Хуцауи агъази фæрци изæздахтæй æ хæдзарæмæ æма фæллойнæ кодта зæнхкосæгæй.

Уæдмæ Уæрæсей æрцудæй зингæ æййивддзийнæдтæ, æма Дигори дæр Советон хецаудзийнадæ куд федардæр кодта, уотæ адæми цардиуаги дæр уавæртæ æндæрхузон кодтонцæ. Ибрагим 1930 анзи каст фæцæй сæрмагонд къурситæ æма иссæй фиццаг механизатор айдагъ Лескени нæ, фал еугур Ирæфи райони дæр. Уæдæй фæстæмæ уæхæн гъæууонхæдзарадон техникæ нæбал адтæй, кæцимæ нæ арæхстæй Цориони-фурт. Гъæубæсти ба ин адтæй устур кадæ.

Зулехан дæр куд мадæ, уотæ лæмбунæг цæстингас дардта æ кæстæртæмæ, лæги хъиамæтæй раст пайда кодта. Æнтæсгæ дæр ин куд кодта алци, е дессаг адтæй.

Уæди рæстæгутæ уæззауæй-уæззаудæр адтæнцæ. Куд иннæ гъæуккæгтæ, уотæ Цорионти бийнонтæ дæр, æстонг ци æй, уой дæр бавзурстонцæ. Фал цардиуагæ хуæздæрæрдæмæ æййивта, адæми нифс федар кодта анзæй-анзмæ.

Барис ахурмæ тулаваст адтæй æма скъолай алли гъуддаги дæр цудæй раззагдæрти хæццæ. 1938 анзи иссæй фæскомцæдесон, еу рæстæги фæсте ба ’й исæвзурстонцæ скъолай фæскомцæдесонти раздзæуæгæй.

Устур Фидибæстон тугъд райдæдта, зæгъгæ, еци уæззау хабар Барис фегъуста, Дзæуæгигъæуи сæ исфæлдистадон къуар концерт ку лæвардта, уотемæй. Æма 1941 анзи августи мæйи æвддæсанздзуд лескейнаг лæхъуæн барвæндонæй рандæй фронтмæ. Уæдæй сауæнгæ Цитгин Уæлахези бони уæнгæ радаргъ æнцæ æ тугъдон нæдтæ. Ци зинтæ æма гъезæмæрттæ си бавзурста, уой ба, æвæдзи, æхецæй хуæздæр неке зудта, фал уой туххæй хабæрттæ кæнунмæ тулаваст нæ адтæй, некæд си некæмæн кодта сæ кой. Уотемæй ба, ци радзурдтайдæ, уæхæн хабæрттæ ба имæ минкъий нæ разиндтайдæ. Æ тугъдон лæгдзийнæдти туххæй æвдесæн æнцæ æ хуæрзеугутæ – Сурх Стъалуй дууæ ордени, Фидибæсти тугъди I æма II къæпхæнти ордентæ, Намуси III къæпхæни орден, æхсæрдæс майдани æма берæ арфи гæгъæдитæ. Фал æгириддæр нæ уарзта тугъдон хабæрттæ кæнун, æвæдзи, æгæр зин ин адтæй уони имисун, уæлдайдæр ба, æ уарзон æмгæрттæй си беретæ ке бастъалдæнцæ, уомæ гæсгæ.

Тугъди исконд уотæ ’й, æма æ гарнай ка бахауй, е æй бæлвурдæй нæ фæззонуй, цæйбæрцæ ма ин ес цардæгас унæн равгæ... Фал уæддæр æууæндгæ ба фæккæнуй хуæздæрбæл... Æма тугъдтити ’хсæн еуцæйбæрцæдæр сабур рæстæг ку фæззиннидæ, уæд тугъдонтæй алкедæр куд нæ расагъæс кæнидæ, æ исонибон куд уодзæнæй, уобæл. Уæхæн сагъæстæ куд нæ фæззинниуонцæ Цорионти лæхъуæнмæ дæр. Ка ’й зонуй, уæд исфæндæ кодта: «Дохтир исун лæгъуз бæргæ нæ уидæ...»

Уæхæн гъуди имæ, ка ’й зонуй, тугъди размæ уидæ. Цæмæ гæсгæ, уой ба, æвæдзи, æхуæдæг дæр нæ загътайдæ. Фæууй уотæ, æма адæймаг æригонæй иснет кæнуй кæцидæр дæсниадæбæл исахур кæнун, уомæн æма ин дæнцæ фæууй æ хеуæнттæй кадæр. Барисæн ба хеуæнттæй дохтир неке адтæй. Уогæ æ мадæ Зулеханмæ адæм ахид цудæнцæ æма син тагъд фелвасидæ сæ сæри рист. Ибрагими ба гъигæ дардтонцæ æ рæугутæ, зинтæй уолæфидæ æма æ ергъæвгæнæг адтæй гъæуи фельдшер Дзуцати Микъала. Адæм æй берæ уарзтонцæ, худтонцæ ’й изæд. Уой уингæй, Ибрагими ахид фæндидæ æ фурт дæр дохтири дæсниадæ куд райстайдæ, е, æма ин хъæбæр æхцæуæн адтæй сæ лæхъуæнæн æхемæ дæр уæхæн фæндæ ес, зæгъгæ, хабар ку фегъуста, уæд. Уал хатти фæццæфтæ уогæй, дуккаг къæпхæни инвалид хуарз зудта, ресун ци ’й, уой, æма æхемæ райста уæззау уаргъ – сæйгæ адæми дзæбæх кæнун.

Фронти уогæй ба Барисæн дохтир исуни фæндæ бустæги ниффедар æй æ бæлдити. Уæлдайдæр ба, æвæдзи, уомæ гæсгæ, æма ’й уидта, цæйбæрцæбæл арфиаг æй дохтирти куст, кæцитæ ервæзун кæнунцæ цæф тугъдонти, берети си, зæгъун æнгъизтæй, мæлæти къохтæй байсиуонцæ. Уидта уой дæр, цæйбæрцæбæл зин æй сæ хъиамæт, фал уомæй цæйбæрцæбæл агъазиаудæр æй адæмæн ци хуарздзийнадæ хæссунцæ, е.

Тугъдон дохтирти хъиамæтти хуарздзийнадæ Цориони-фурт æхебæл дæр бавзурста. Æ тугъдон карни тæккæ райдайæни, сахар Ростови рæбун тугъдтити фæццæф æй фиццаг хатт. Гъе уæд æй дохтиртæ уотæ «барæвдзитæ» кодтонцæ æма æ бон иссæй идарддæр лæгдухæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тох кæнун. Нæ си иронх кодта, Харькови алфамбулай уæззау цæф ку фæцæй, уæд æй тохи будурæй рахæссун куд бафæразта æригон, фудхузтæарæзт медицинон хуæрæ Таня. Авд бони æхе нæ лæдæрдтæй, – гъе уоййасæбæл лæгъуз уавæри адтæй. Уæддæр бабæй дохтиртæ æма сæ агъазгæнгути фæрци æ къæхтæбæл федар æрлæудтæй, идарддæр цудæй æ тугъдон нæдтæбæл.

Дохтир исуни фæндæ нæ раййивта, æма тугъдæй исæздæхгæй, 1946 анзи иссæй нæхе медицинон институти студент. Еци рæстæг Барис кæд берæ аллихузон нæхъæртондзийнæдтæ æвзурста, уæддæр син фæразта æма хъæбæр разæнгарæй бавналдта ахурмæ. Æма æ хъиамæттæ фæррæстмæ ’нцæ – æнтæстгинæй медицинон институт каст фæууогæй, косун райдæдта Малгобеки. Дохтиртæ си уæд нæ фагæ кодта æма Цориони-фурт цалдæр кусти æнхæст кодта. Кæд зин адтæй, уæддæр си пайда ба фулдæр адтæй – уой фæрци æ дæсниадæ никки бæрзонддæр фæцæй.

Институти ахури рæстæг Барис фæццалх æй наукон кустбæл дæр, дуккаг къурси райдæдта наукон-æртасæн куст кæнун. 1949 анзи архайдта студентти Еугурцæдесон наукон конференций Мæскуй. Лæвæрд ин æрцудæй Кади гæгъæди æма фиццаг къæпхæни диплом.

Цориони-фуртæн æ наукон куститæ берæ ’нцæ. Хъæбæр хуарз «скъола» рацудæй академик, е ’мном Петровскиймæ Мæскуй. Уой разамундæй багъæуай кодта медицинон наукити кандидати диссертаци, 1971 анзи ба доктори диссертаци. Уой дæр, раст цума барæй рауадæй, уотæ – 22 июни. Тугъдон лæг, дæсни хирург Цорионти Бариси наукон кустæн хъæбæр устур аргъ кодтонцæ медицинон науки тæккæ зундгонддæр ахургæндтæ. Уомæн æма Цорионти Бариси бундорон наукон архайди фæрци фидибæстон хирургий фæззиндтæй берæ ахсгиаг нæуæгдзийнæдтæ, кæцитæн сæ ахсгиагдзийнадæ абони дæр ма бæрзонд æй.

Куд дæсни специалист, уотæ Барис 1960-1992 æнзти адтæй Цæгат Иристони хирургти æхсæнади Правлений сæргълæууæг, фондз æма инсæй анзей дæргъи разамунд лæвардта медицинон институти факультетон хирургий кафедрæн.

Берæ хуарз гъуддæгутæ бантæстæй Барисæн æ царди, фал, уæддæр ин алцæмæйдæр сæйрагдæр ба адтæнцæ æ бийнонтæ. Æ цардæмбал Тамарæ айдагъ хуарз дохтир нæ адтæй, фал дессаги бийнойнаг, зæрдхæлар, адæмуарзон æфсийнæ, æ цардæмбал Бариси хæццæ сугъзæрийнæ æртæ бæдоли исгъомбæл кодтонцæ – Алан, Геуæрги æма Зæлини. Аланæн æ бæлдæ æ къохи бафтудæй – уæлдæфон тæхæги дæсниадæ райста Мæскуй авиацион институти æма «Боинг»-бæл ласта бæлццæнтти алли паддзахæдтæмæ. Нуртæккæ æй пенсий, цæруй Мæскуй. Геуæрги куста барадæгъæуайгæнæг оргæнти, нуртæккæ е дæр æй пенсий. Зæлинæ ба райста æ нийиергути дæсниадæ – каст фæцæй нæхе медицинон институт æма косуй Швейцарий.

Царди нивæ æма ирисхъæ нæ райеуварс кодтонцæ Цорионтæбæл. Фал æгæр минкъий рацардæй адæмуарзон, хуæрзæгъдау адæймаг, хуарз æмгарæ æма лимæн, сæйгити ервæзунгæнæг хирург Цорионти Барис. Ци ’нцæ дууадæс æма æртинсæй анзи нури доги, бустæги ба дохтирæн. Фал... Тугъдон цæфтæ дæр сæ æгъатир кæнуйнæгтæ куд нæ кодтайуонцæ, мадта хирурги уæззау куст дæр куд нæ фæббæрæг адтайдæ. Зæрдæ дорæй конд ку нæй... Нæбал исхъаурæ кодта хъиамæтгун лæг Цорионти Ибрагими фурт Бариси рист зæрдæ дæр е ’нæнцойнæ карни хабæртти уæзæ идарддæр хæссунæн. Æма 1995 анзи 25 феврали банцадæй æ æвæллайгæ кустæй....

... Аст æма инсæй анзей размæ бацудæй Цорионти Барис е ’носон дуйнемæ. Е минкъий рæстæг нæй, уал анземæ дзиллæй берæ цидæртæ райронх унцæ. Фал уой рохс ном ба берæ адæм нерæнгæ дæр ма сæ зæрдæбæл дарунцæ, имисунцæ ’й бозæй æма зæрдхъурмæй.




**ЦОРИОНТИ** Бариси зæгъуйнæгтæ алкæддæр цæмæдесаг уиуонцæ аллихузон наукон мадзæлтти архайгутæн еугуремæн дæр.

***БОЦИАТИ Агудз, аййевадæртасæг, нæ республики науки æскъуæлхт архайæг: «Бæрнон гъуддаг æй нæ гъомбæладон фарстатæбæл пьесæ ниффинсун æма ’й адæми размæ рахæссун. Уомæн æма еци гъуддаг зинæнхæстгæнæн ихæстæ æвæруй аййевади æма литератури архайгути рази. Æма еци ихæс æнтæстгинæй æнхæст кæнун кæмæн бантæстæй, уонæй æй Хæмицати Цæрай дæр. Драматурги финст пьеситæ æвæрд гъудитæ ’нцæ арф æма ахедгæ, дзилли зæрдитæн агайæг...»***




# «ГЪÆУАМА МÆ ФÆСТЕ НИУУАДЗОН ЕСТИ ЗИНГÆ ФÆД...»

***Хæмицати Цæрай Хакъиасси фурт райгурдæй 28 ноябри 1933 анзи Ирæфи райони Сурх-Дигори гъæуи хумæтæг зæнхкосæги хæдзари. 1941 анзи бацудæй Сурх-Дигори астæуккаг скъоламæ æма ’й каст фæцæй 1952 анзи. Уой фæсте æ ахур раидарддæр кодта Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти литературон факультети. Æнтæстгинæй æй каст фæцæй æма косун райдæдта уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæгæй æ райгурæн гъæуи астæуккаг скъолай.***

***1961 анзæй фæстæмæ ба берæ æнзти дæргъи фæккуста Цæгат Иристони медицинон училищей ахургæнæгæй. Е ’хсæнадон æма педагогон æнайййеп фæллойни туххæй ин 1970 анзи лæвæрд æрцудæй нæ республики Сæйраг Совети Президиуми Кади грамотæ, 1983 анзи ба ин Уæрæсей рохсади Министрадæ исаккаг кодта «Адæмон рохсади отличник»-и кадгин ном. 1990 анзи Хæмицай-фуртæн Цæгат Иристони Сæйраг Совети Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй кадгин ном «Цæгат Иристони АССР-и адæмон ахуради æскъуæлхт косæг».***

***Хæмицати Цæрай исфæлдистадон куст кæнун райдæдта 60-аг æнзти радзурдтæ æма еуактон пьеситæй. Цæгат Иристони музыкалон-драмон театри сценæбæл æ драмон уадзимистæй фиццагидæр æ дууактон музыкалон комеди «Усхъуммæ уарзт». Е спектакли премьерæ адтæй 1964 анзи 28 ноябри – раст Цæрайæн æ райгурæн бони. Уæдæй фæстæмæ драматург 28 ноябрь ма нимадта æ исфæлдистадон райгурди бонбæл дæр.***

***Берæ рæстæгути дæргъи нæ республики театрти сценитæбæл æнтæстгинæй æвдист цудæнцæ æ пьеситæмæ гæсгæ арæзт спектакльтæ. Зæрдæмæгъаргæ пьеситæй арæзт ка ’й, уæхæн радиоспектакльтæ: «Мади цæстисугтæ», «Авантюристкæ» æма æндæртæ.***

***Паддзахадон Дигорон драмон театр 1996 анзи ку байгон æй, уæдæй фæстæмæ сæмæ æ цæстæ дардта, кæддæриддæр син адтæй нифсдæттæг, адтæй сæ тæккæ искурдиадæгиндæр драматургтæй еу. Æ фæлмæн уодиконди фæрци æхе бауарзун кодта, уæд профессионалон театралон аййевади фиццаг къахдзæфтæ кæнун ка байдæдта, еци æригон артисттæн, иссæй син сæ исфæлдистадон хъазауати надбæл рæствæндаггæнæг.***

Æвддæс анзей размæ киунугæуадзæн «Ир»-и мухурæй рацудæй Хæмицати Цæрайи пьесити æмбурдгонд «Уарзæнтти кадæнгæ», анзи фæсте ба иннæ киунугæ – «Арвæй æрвист лæг».

Аци киунугутæ киунугæкæсгути деси бафтудтонцæ уомæй, æма, еуемæй, ци уадзимистæ си бакæсæн адтæй, уонæми дзубанди цудæй нæ адæми цардарæзти тæккæ сагъæссагдæр фарстати фæдбæл, иннемæй ба – цæйбæрцæбæл рæстдзæвийнæ рауадæй драматурги цæстингас, уонæми сорæтти цъухи ци гъудитæ байвардта, етæ рауадæнцæ адæмæн сæхе сагъæсти æмзæлланг.

Драматургæй, уæлдайдæр ба искурдиадæгин ку уа, уæд нæ дзилли карнæ агоруй, цæмæй æ дзурд агъаз кæна не ’хсæнади медæгæ гъомбæладон куст ахедгæдæр кæнунæн, цæмæй адæми уодигъæдæ аййевадон мадзæлтти фæрци федауцæдæр, кæдзосдæр кæна. Хæмицати Цæрай куд адæмон ахуради æскъуæлхт косæг, уотæ бæлвурдæй зонуй уой, æма æнæ хуæрзæгъдау, арфиаг гъуддæгутæ аразунмæ разæнгард фæсевæдæй адæмæн ке нæййес амондгун исонибон. Уомæ гæсгæ æ исфæлдистадон хъиамæтти сæйрагдæр нисанеуæг адтæй ирæзгæ фæлтæри рохс исонибон сæрбæлтау æновудæй архайун, æма æ еци бæлди æ тухæ, æ хъауритæбæл нæ аурста. Дуйней Исфæлдесæг Цæрайæн драматурги искурдиадæ цæстуарзонæй бахай кодта, æма еци ахсгиаг гъуддаги бæлвурд ке фескъуæлхтæй, уомæн æвдесæн æнцæ, адæми рæнгъæмæ ци уадзимистæ рахаста, етæ.

Психологон драмæ «Ка ’й фудгин?» (Ирон Паддзахадон театрæй уæлдай ма æвæрд æрцудæй Паддзахадон Дигорон драмон театри сценæбæл дæр, куд аци театри студий рауагъдонти дипломон спектакль. Режиссер – нивæврæг Уæрæсей Федераций адæмон артисткæ Беккузарти Орзетæ. – Ред.) Дзубанди си цæуй, нæ фæсевæдæй фудгæнгути тæссаг надбæл ка ислæудтæй, уони уæззау ирисхъæбæл, уой хæццæ ба ниййергути бæрнондзийнадæбæл, сæ кæстæрти раст гъомбæл кæнун сæ сæйрагдæр ихæс ке æй, уобæл.

Уадзимиси ци бийнонти кой киндæуй, уони цардæн бундор исæвардтонцæ Габо æма Асиат. Лæг æма уосæ кæрæдзей æнæкæрон уарзтæй уарзтонцæ. Уотемæй фæццардæнцæ фондз анзи. Фал син цæуæт нæ рацудæй, æма уæд рæстуод силгоймаг æхецæн искодта карз тæрхон: цæмæй æ фудæй лæг æвæстаг ма фæцайдæ, уой туххæй си рацудæй. Уой фæсте цард æ кæнон кодта. Габо бацардæй Нифи хæццæ, райгурдæй син дууæ биццеуи. Асиат дæр игурæндонæй æхецæн биццеу райста – Зураби. Габо æ цæуæти гъæугæ уагæбæл нæ гъомбæл кодта, æ рæстæг сæбæл нæ исафта, æма уотемæй æ фурттæ сæхе гъæди куддæртæй райрæзтæнцæ. Кæстæр биццеу Вадим хæрандзийнади цъифдзасти – цъимарай æ хорхмæ ранигъулдæй æма ин «ма кæнæ» зæгъæг неке фæцæй. Сæумæй-изæрмæ кæми фæллекка кæнуй, ци куст фæккæнуй, уой зонун неке фæндадтæй, æма ’й цидæриддæр фæндуй, уой кæнуй, æнхæст кæнуй Зураб æма æндæр уой хузæн фудгæнгути сау фæндитæ. Æ фидæ Габо сæттуй æ рæдудбæл: «Ралæгтæ ’нцæ мæ фурттæ, æз ба сæ хузæнон дæр некæд фæеууидтон». Æ мадæ Нифæ ба ’й айдагъдæр имонау дардта, куд кæстæр биццеу, уотæ. Вадим æнæнгъæлти æ мадизæнæги тоги æ къохтæ ку исæвдулдта, уæд ма æнæмæтæ фидæ бæргæ багъавта æ фурти тоги хъумæй исласунмæ, фал байрæги кодта гъомбæлгæнæг! Æндæр гъуддæгутæ ин ахсгиагдæр адтæнцæ æма æ дууæ фуртемæй фудæнгъæл фæцæй.

Аци пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль Ирон драмон театри сценæбæл цалдæр анзей дæргъи ке цудæй, е уой æвдесæн æй, æма хъæбæр нæ гъæрдта театрдзаути зæрдитæмæ. Куд агъазиау æнтæстдзийнадæ, уотæ уой дæр банимайун æнгъезуй æма æнтæстгинæй цудæй сценæбæл, уобæл дзорæг æй е дæр, æма ин аци сценæбæл адтæй æ юбилейон – сæдæймаг!.. – равдист.

Медесгун æй Хæмицати Цæрайи дууæархайдон лирикон комеди «Бæсти федауцæ» дæр. Мулк ахид бакунæг кæнуй лæги рæсугъд бæлдитæ, нигъгъæла си уй адæймаг, цæстæй æмраст нæбал фæууинуй, комедий архайæг æлдар Дзегай хузæн фестуй лæгберæгъ – гъæддаг сирд.

Æлдар Дзегай менеугути нихмæ арæзт æй æ фурт Агубей фæлгонц. Лæхъуæн цæттæ ’й æ есбон, æ фиди фæллæнттæ, а дуйнебæл ин æ зæрдæн адгиндæр ка иссæй, еци мæгур лæги кизгæ Агунди рæсугъдæн иснивонд кæнунмæ. Æма кæд зиндзийнæдтæ берæ бавзурста, уæддæр лæгдухæй еугур къæхкъуæрæнти сæрти æдасæй бахизтæй æма исæнхæст кодта æ бæлдæ.

Уарзондзийнадæй идарддæр ма пьеси ес уæхæн, еугур рæстæгути дæр ахсгиаг фарста – адæмти хелæдæрундзийнадæ. Пьеси архайæг инæлар Асахъболи зундирахаст æй рæсугъд æма бæлдтаг. XIX æноси Уæрæсей æфсади инæлар уогæй, æ ирон тог, ирондзийнадæ сор дзурдтæй нæ – гъуддæгутæй уарзуй. Æ сæйраг мæтæ ’й æ райгурæн Иристони карнæ, æ рæсугъд бæлдитæ дæр уой фæдбæл æнцæ.

Евгъуд æности адæймаги амондгун цардæн къæхкъуæрæнтау лæудтæнцæ адæми ’хсæн социалон дехдзийнæдтæ. Мæгур лæги фурт Хетæг гъæздуг адтæй рæсугъд фæндитæй (драмæ «Уарзти кадæнгæ»). Фæйнæгфарс бæгъатæр биццеу, цийфæнди зиндзийнæдтæ дæр нецæмæ даргæй, æ реуи ’мбæрцæ размæ æмпурста, агурдта над, цæмæй æ фиди тог райстайдæ æлдар Тасолæй. Фал тогесæги меддуйней исæвзурдæй уæхæн зундирахаст, мæлæтдзаг тох ка исамадта æ гъудити нихмæ: бауарзта æ тоггини кизги æма ин æнæ уомæй цард нæбал адæ кæнуй. Æгæрон уарзти нихмæ æ бон тох кæнун нæ бацæй Хетæгæн. Æлдари кизгæ Сафирæт дæр уæхæн тухгин уарзтæй бауарзта биццеуи, фал зонуй, æ зудæгæнагæ æма хецмæрез фидæ æй ке некæд исаккаг кæндзæнæй мæгур биццеу Хетæгæн. Æма æ амондбæл истох кодта æхуæдæг, æндæр агъазмæ кæмæ фæдздзора, уæхæн неке ес. Хетæги хæццæ син сæ содзгæ уарзт равардта æнæкæрон тухæ æма æхсарæ еугур къæхкъуæрæнти сæрти бахезунæн, æма байеу кодтонцæ сæ хъисмæт. Фал æрмæст сæ амонд берæ нæ рахаста, рамардтонцæ сæ, уодигъæдæй цъамар æма нецæййаг ка адтæй, етæ. Рамæлуй Тасол æхуæдæг дæр. Мадта æндæр хузи куд гъæуама адтайдæ?! «Адæмæй еуетæ баргин ку фæуунцæ, иннетæ ба – æнæбарæ, уæд сæ еугурдæр æнамонд æнцæ», – зæгъуй драми архайæг Гози.

Романтикон драмæ «Уарзти пеллон» æма комеди «Паддзахи кизгæ» ба финст æнцæ философон бундорбæл.

## ЗУНДГИН ЗАГЪД – АДÆЙМАГÆН РÆСТÆМБÆЛÆГ ÆМБÆЛЦЦОН!..

**Хæмицати Цæрайи драмон уадзимисти архайгутæй берети зæгъдтитæ иссæнцæ зундамонæн фæдзæхстити хузæн. Дæнцæн си æримисдзинан цалдæрей.**



* * *

*Кæцæй нæмæ ’рцæудзæнæй нифс æма ’хсарæ, кæрæдзей нифсæй нифсгун ку нæ уæн, уæд?*

* * *

*Цума адæймагæн æрдзæ цæмæн равардта зунд? Кæрæдзей цæгъдуни фæрæзнитæ иссерунæн æви зæнхæбæл дзенетон цард исаразунæн?*

* * *

*Цæмæй нæ хъауритæ кæддæриддæр æнæбасæттгæ уонцæ, уой туххæй нæ еудзийнадæ гъæуй.*

* * *

*Æ райгурæн бæстæ хъазар кæмæн æй, уомæн гъæуама хъазар уонцæ æ хъæйтартæ дæр.*

**Æбæрæг Тугъдони Бон Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй 3 декабри. Æримисæн æма исцитгин кæнæн Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, фал нерæнгæ дæр ма æбæрæг ка ’й, еци тугъдонти...**

***МАМИАТИ Изетæ, филологон наукити кандидат: «Хæмицати Цæрайи искурдиади исконд бæлвурд æй: хуарз арæхсуй драматургион сорæттæ аразунмæ, дæсни пайда кæнуй юмор æма циргъзунд дзубандитæй, медесгун диалогтæй. Архайгути дзурдгæлдзæнтæ 'нцæ ирд æма æлвæст, сæ цæхгæр дзуæппитæ – эмоцийæй ефтигъд. Никки ма еу бæлвурд менеуæг: æ историон сюжетти æргомæй зиннуй абони цаути хæццæ бастдзийнадæ, нуриккон цардбæл нивæнст драмити ба уинæн федæнбæл сагъæс...»***

Æ сюжет ист æй рагон, аланти рæстæгæй, фал си дзубанди цæуй нæ нури, уæдта царди æносон ка 'й, уæхæн ахсгиаг моралон проблемитæбæл, адæймаги раст зунд æма уоди кæдзосдзийнадæбæл. Æ медес арæзт æй куд фæсевæдмæ, уотæ хестæр фæлтæрмæ дæр. Ес ин устур гъомбæладон ахедундзийнадæ, арф гъудитæбæл æфтауй киунугæкæсгути æма театрдзаути.

Национ драматургий бустæги нæуæг æй Ацæмæзи сорæт (драмæ «Арвæй æрвист лæг»). Æ адæми еузæрдиуон хъæболæ Ацæмæз тох кæнуй сæребарæ царди сæрбæлтау, дзиллити 'хсæн социалон дехдзийнади нихмæ. Фал æндагон знæгтæ ку 'рбалæбурдтонцæ Иристонмæ нæ адæми басæттунмæ, сæ есбон, сæ мулк байсунмæ, фидиуæзæг сæхе бакæнунмæ, уæд Аликкати Хазбийау сæ нихмæ еунæгæй тох нæ кæнуй. Æ уарзон Ацирохс æма е 'мбал Тузари хæццæ фæдесонау гъæр кæнунцæ еугур дзиллитæмæ, седунцæ еудзийнадæмæ, гъæздугæй, мæгурæй фæрсæй-фæрстæмæ лæуунцæ, еумæйаг тухтæй Иристони цифуддæр знаги ниддæрæн кæнунмæ.

Уасгергий ном нæ адæми хæццæ æнгон баст ке æй, рæстæгæй-рæстæгмæ сæ хæццæ дæр ке цардæй, Нарти Дзерассæй дæр ин цæуæт ке рацудæй, уой æвдесæнтæ 'нцæ рагон фольклорон уадзимистæ – Нарти кадæнгитæ. Хæмицати Цæрай арæхстгинæй испайда кодта цъухæй дзоргæ исфæлдистади дæнцæгтæй. Драматурги дæлгъуди æргом æй, гъома, адæми сæрбæлтау æ цард æвгъау ка нæ кæнуй, адæмæн æ сæр нивондæн ка хæссуй, е зæнхон нæй – арвæй æрвист лæг æй. Драмæ «Арвæй æрвист лæг»-и автор сæйраг архайæг Ацæмæзи Уасгергий хузи ке равдиста, уомæй бæлвурд фæгъгъæздугдæр æй сценикон уадзимиси идейон-аййевадон рахастдзийнадæ, сюжетон исконд, национ драматургийæн дæр æй нæуæгдзийнадæ, нæуæг сорæт.

Нæ адæми рагфидтæлтæ федарæй гъæуай кодтонцæ национ этикæ, æгъдау æма æвзаги хæзнадонæ. Уонæй абони беретæ райдард æнцæ æма сæхемæ хæстæгдæр райстонцæ, уодигъæдæн æцæгæлон ка 'й, ирæзгæ фæлтæртæн ба – зианхæссæг, еци менеугутæ. Еци темæбæл финст æй Цæрайи комеди «Дууæ уосгори». (Паддзахадон Дигорон драмон театри сценæбæл цалдæр анзи æнтæстгинæй цудæй. Режиссер-ниввæрæг нæ республики зундгонд артист, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Сæбанти Тамерлан. – Ред.). Искурдиадæгин æригон поэт Асæбе ниуæзтæбæл бафтудæй æма си феронх æнцæ сауæнгæ е 'сфæлдистадон куст нæ, фал ма царди еугур ихæстæ дæр. Исæфти надбæл æрлæудтæй. Æма уæд е 'мбал Мухтар тох исамадта, цæмæй Асæбе фæййервазтайдæ еци устур фидбилизтæй.

Драматургæн æ алли драмон уадзимис дæр æнхæст æй оптимистон рахастдзийнæдтæй, логикон æгъдауæй рæстдзийнадæй æнхæст арф философон гъудитæй. Уотæ ба уомæ гæсгæ 'й, æма авторæн æхецæн æ уодиконд гъæздуг æй бæрзонд културæй, арæхсуй исфæлдистадон аййевадон мадзæлттæй æнтæстгинæй пайда кæнунмæ.

Æ драмон уадзимистæ бæлвурд ке фæгъгъæздугдæр кодтонцæ национ драматургий хæзнадонæ æма аккаг бунат ке байахæстонцæ, уоми дæр æма нæ национ театралон аййевади анзфинсти дæр, е дузæрдуггаг нæй.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***


**ХÆМИЦАТИ Цæрай (фиццаг рæнгъи рахесæрдигæй) Дигорон драмон театри коллективи хæццæ. Астæуæй бадуй аци театр исаразæг æма аййевадон разамонæг ТЕМИРАТИ Давид.**

*Хæмицати Цæрай драмон уадзимистæй уæлдай ма финста радзурдтæ дæр. Уонæй еу мухур кæнæн абони.*

## АНАЗБИЙИ РÆДУД

Гъæуи медæг еу уæхæн хист, еу уæхæн киндзæхсæвæр нæ адтæй, Аназбий кæми нæ фæррасуг адтайдæ. Æ цардæй хъæбæр арази адтæй. Айдагъдæр косун нæ уарзта, æма ин уой туххæй ка бауайдзæф кæнидæ, уонæй æ уод иста. Æхецæй тухст сæйгæ искæнидæ: уæд æ сæр ристæй, уæд – æ ахсæн, уæд ба æ уæргути индис ниллæууидæ.

– Киндзæхсæвæртæбæл зелунмæ сæйгæ нæ фæуууис, фал косунмæ сæйгæ дæ! – хилæ имæ кæнидæ æ фидæ.

Хъæбæр исгъигæ уидæ еци дзубандитæй Аназбий! Æ зæрдæмæ нæ фæццудæй, æ хестæр æнсувæр Хъайирбег ке байурста æма бийнонтæй ке рахецæн æй æ уоси хæццæ, е дæр.

– Зæронд мадæ æма мин фиди мæ рагъмæ багæлстай, – бауайдзæф кодта Аназбий е 'нсувæрæн.

– Ду дæ кари лæг дæ нур, дæ дустæ бахатæ æма косæ,– дзуапп ин равардта е 'нсувæр.

Уæдæр бабæй «косæ!» Гъо, еци «косæ» æма «косæ!» Нæбал æй ниууадздзæнæй еу рауæн! Фал неци кæнуй! Аназбий си æхе бахездзæнæй, алкæддæр иссердзæнæй: æ хестæр æнсувæри рахецæни фæсте ибæл хæдзари куститæй ци æрæнцадæй, уони уæзæ байвардта æ кæстæр æнсувæр Солтани рагъи.

Хæдзари куститæ кæнунбæл бæргæ архайдта, æхебæл нæ ауæрдгæй, сæ зæронд фидæ Сафарби дæр, фал ин æ æнзтæ бонæй-бонмæ æ хъаурæ састонцæ, æма ин цæйбæрцæ æнтæстæй?

Еухатт бабæй гъæуи адтæй киндзæхсæвæр. Аназбийæн дæр бабæй æ гъолæ сах рабадтæй. Æхе хуарз куд нæ фæууидтайдæ æ хуæздæр лимæн – арахъæй! Уайтæкки бабæй си дуйне гириз кæнун байдæдта: уæд арв фæббунæй уидæ, уæд – зæнхæ. Цæстифæнникъулдмæ 'й зæнхæ æ къæхтæбæл æрсадзидæ, уæдта бабæй æй аллирдæмæ ратегъæ кæнидæ æма бабæй биццеу цуппарæрдæмæ еугай апмъезтæ рабаридæ.

Адтæй изæрмæ хæстæг. Игъæлдзæг гъазти гъæр басабур æй: киндзæхсæвæр кæмæ адтæй, уонæн сæ синхæгти зæронд лæг рамардæй. Æма биццеу куддæр «Сафарби æваст рамардæй», зæгъгæ, райгъуста, уотæ искудтæй æма гъæунги дæлæмæ фæррраст æй еунæгæй. Уæд еуæрдæмæ фæккеуидæ, уæд иннердæмæ.

Сæ хæдзарæ кæми адтæй, уой нæбал лæдæрдтæй Аназбий, фал адæм тæфирфæс кæнунмæ кумæ цудæнцæ, еци хæдзарæмæ бараст æй е дæр. Тургъæмæ ку бахъæрттæй, уæд æ дзиппæй исиста къохмæрзæн æма 'й «фурзæрдристæй» æ цæститæбæл райвардта, уотемæй богъбогъгæнгæ бацудæй тургъæмæ. Хæдзари фарсмæ гъæунги 'рдигæй адтæй æнæфарс мæнгæ азгъунст – æвæдзи, хуæрæндонæ. Зиндтæй си айдагъдæр пец. Аназбиййбæл зæнхæ ракъолæ 'й пеци 'рдæмæ æма æ уæлгъос ислæудтæй, богъ кæнуй:

– Ци ма кæндзæнæн, ци æваст мард ракодтай!

Адæм еугурдæр сæ каст искодтонцæ Аназбиймæ, десæй мардæнцæ. Уæдта имæ æ кари еу лæг бахæстæг æй æма имæ дзоруй:

– Ами нæй мард, мæ хор, уартæ медæмæ бацо.

Аназбий æ къохмæрзæн æ цæститæй æриста, æ размæ 'ркастæй æма си пецæй æндæр ку неци рауидта, уæд кеугæ бараст æй хæдзарæмæ. Ами дæр бабæй ин дуар иссерунмæ фæййагъаз кодтонцæ кадæртæ.

– Кæми æй мæ мæгур фидæ, мæ баба?! – зæрдиагæй никкудтæй Аназбий æма фæккиудтæй марди 'рдæмæ.

Адæм балæдæрдтæнцæ Аназбийй рæдуд. Кæрæдзей басхуайиуонцæ, сæ ходун туххæй уорæдтонцæ. Сауæнгæ ма мардæн æхе бийнонтæ дæр фæгъгъос æнцæ сæ кæунæй æма биццеумæ кастæнцæ.

Минкъий фæстæдæр Аназбий рахизтæй тургъæмæ. Ами никки хъæбæрдæр исхъурмæ 'й æ зæрдæ. Æ уæраг уæлæмæ исесидæ, æрцæвидæ 'й æма бабæй кæуй:

– О, уæу-уæй, ба-ба, куд рамардтæ!

Уæдмæ ин æ цонгбæл кадæр рахуæстæй, рацо ацирдæмæ, банцайæ, зæгъгæ. Аназбий ракастæй фæстæмæ, æ хестæр æнсувæр Хъайирбеги рауидта æма никки гъæрдæрæй никкудтæй:

– Ду мæмæ мабал… мабал дзорæ! Ду æй ниууагътай, фал мæнæн мæ уæлдай нæ адтæй мæ фидæ!

Хъайирбег уотæ æфсæрми кодта адæмæй, æма ци фæцайдæ, уой нæбал лæдæрдтæй. Аназбий бабæй æ кæунæй нæбал æнцадæй. Уæд ин Хъайирбег æ цонгбæл федар ниххўæстæй æма 'й сæхемæ рахонунбæл архайуй. Æ гъоси дæр ма ин бадзурдта:

– Мах Сафарби нæй, цæуæн нæхемæ.

Аназбий мæстгунæй æхе ратудта æма бабæй никкудтæй гъæрæй:

– Гъай-гъай, нæй дæу. Дæу ку уидæ, уæд æ … æ хæццæ цардайсæ, фал мæнæн м-мæхе адтæй!

Раст еци афонæ зиангинтæн тæфирфæс кæнунмæ 'рбацудæй кедæрти хæццæ Аназбийй фидæ Сафарби. Уони кæунмæ никки хъæбæрдæр никкудтæй Аназбий дæр, æ цæститæбæл бабæй къохмæрзæн райвардта, уотемæй:

– Ци ма кæндзæнæн, кутемæй мæ ниууагътай, баба!

– Фидæ æ фуртмæ бакастæй æма къехæй райзадæй. Еуцæйбæрцæдæр фенцадæй æ кæунæй, фал – æгъдау æгъдау æй – æхебæл фæххуæстæй æма кæугæй бацудæй хæдзарæмæ. Фæстæдæр фидæ æ цæстисугтæ сæрфгæй, е 'мбæлтти хæццæ рахизтæй тургъæмæ æма æ фуртмæ хæстæгдæр бацудæй.

– О, уæууæй, баба, дæ уод есгæй ма дæ уæддæр ку… ку фæууидтайнæ! – кæуй бабæй Аназбий.

– Гæрр, биццеу, дæ сæри бустæгидæр нецибал байзадæй æви? – бафарста 'й фидæ. – Сæнттæ цæгъдис?!

– Мадта ци кæнон, фидæ мин ку… ку нæбал ес, уæд?

– Гъæла дæ, ци кодтон?!

Аназбий æнæбаригомау ракастæй, уотæ 'й ка тухсун кодта, еци лæгмæ – æ фиди базудта æма фенцадæй æ кæунæй. Æвæдзи, балæдæрдтæй æ рæдуд.

– Ци кæнис?! – бафарста бабæй æй тузмæг гъæлæсиуагæй фидæ.

Цæйбæрцæдæр рæстæг Аназбий ци исдзурдтайдæ, уой нæ зудта, уæдта исдзурдта:

– Баба, дæуæн тæрсун, ду дæр уо-уоуотæ æваст ку рамæлай.

## ХÆМИЦАТИ ЦÆРАЙИ ФИНСТ ПЬЕСИТÆМÆ ГÆСГÆ СПЕКТАКЛЬТÆ ИРИСТОНИ ТЕАТРТИ


**Ирон драмон театр. «Сау бæласæ». Заирæ – РÆМОНТИ Ритæ, Бег – КЪУДУХТИ Николай**


**Дигорон драмон театр. Сценæ спектаклæй «Дууæ уосгори»**


**Ирон драмон театр. «Уарзæнттæ». Сафи – ГУССАУТИ Светланæ, Асахъбол – ТУЛАТТАТИ Бексолтан**

**Хузæгæнæги Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 8 декабри. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони хузæгæнгутæн еугуремæн дæр. Æнтæстгин уотæ!**

***Рагон бердзейнаг финсæг Эзопæн хæрæг уотæ ку загъуидæ: «Нæуæг æмбесонд ку финсай, уæд мæ си ести цирґъзунд загъдтитæй ку фæххайгин кæнисæ!..» Æма ин Эзон ба дестæгæнгæй ку загъуидæ: «Дæу цирґъзунд загъдтитæй?.. Æма уæд адæм зундгин дæу хондзæнæнцæ, мæн ба хæрæг!..»***

## ДÆХЕ РАЗИ РАСТ КУ УАЙ, УÆД ЕСКЕ БА БЕРÆ ДÆР ДЗОРÆД!..



# ÆМА УÆД КУСТИ 'ГЪДАУÆЙ БА КУД ДÆ?..

***Алли адæймаг дæр æ меднимæр æхецæн исаргъ кæнуй – кæми рæстзæрдæй, кæми дæр æхе сайгæй дæр. Уогæ адæймаг æцæгæй циуавæр æй, е ба фулдæр хæттити рабæрæг уй æ кустигъæдæй. Æма еци менеуæгмæ гæсгæ дæхе цæмæй хуæздæр базонай, уой тухххæй абони мухур кæнæн фарстатæ æма уонæбæл дзуæппити цалдæргай хузтæ. Æркæсæ сæмæ æма си равзарæ, æцæгæйдæр дæмæ раст ка кæсуй, уæхæн дзуапп.***

**1. Авдисæри дæ кустмæ ку 'рбацæуис, уæд, фиццагидæр, ци бакæнис, е фæуйй:**

а) Исбæлвурд кæнун мæ косгæ бони дæргъи мæ кæнуйнæгтæй тæккæ раздæр кæцитæй райдайон, кæцити ба – уой фæсте.

б) Æркæсун, постæй мæмæ ци финстæгутæ 'рбафтудæй, уонæмæ – уайсахат косун райдайун зингомау фæуйй.

в) Райдайун, цæмæдесагдæр мæмæ ка фæккæсуй, еци гъуддаг æнхæст кæнун, уæдта бавналун дуккагмæ, æртиккагмæ. Уогæ ба мин си некæцийй бантæсуй кæрæй-кæронмæ исæнхæст кæнун.

**2. Дæ хецау дæмæ фæдздзурдта æма дин загъуй, сахатти фæсте дæ ке багъæудзæнæй уæ кустути гъуддæгутæ кæмæй аразгæ 'нцæ, уæхæн адæймаги хæццæ ахсгиаг дзубандий архайун. Куд дæмæ фæккæсдзæнæй уæхæн ихæслæвæрд?**

а) Æз æй бæргæ зонун, ци мин кæнгæ 'й, уой, фал ме 'мгустæнгутæ ба? Цæттæ 'нцæ уæхæн дзубандий архайунмæ. Æвæстеуатæй исбæлвурд кæнуй, исарæхсдзæнæнцæ æви нæ, уой. б) Уой тухххæй мин раздæр загъун не 'нгъизтæй? Нурба мин нæ бантæсдзæнæй мæхе æнхæстæй бацæттæ кæнун!.. в) Хъæбæр хуарз, æгайтима уæхæн дзубанди уодзæнæй. Æцæг, кæми 'нцæ, ке хæццæ мин дзубандигæнгæ уодзæнæй, уой гæгъæдитæ?

**3. Косгæ бони фæсте дæхе фулдæр хæттити куд фæфффæлтæрис?**

а) Кæд бафæллайун, уæддæр мæхецæй боз фæуун.

б) Багузавæ кæнун – куд, косгæ бон фæцæй?

в) Мæхе куддæр фудгин фенгъæлун – уоййасæбæл берæ кустæгутæ мин æнæнхæстгондæй байзайдзæнæнцæ.

**4. Дæ кустадон зундирахаст, загъун æнгъезуй, æй:**

а) Кæд дæ уотæ фæндуй, цæмæй цидæр хузæнонæй конд æрцæуа, уæд æй дæхуæдæг искæнæ.

б) Сабургай цæуис – идарддæрмæ бахъæртдзæнæ.

в) Цæститæй еуварс – зæрдæй гæлст!..

**5. Дæхе тухххæй дæ зæрди куд гъуди кæнис?**

а) Æз дæн алæмæти специалист.

б) Алкæддæр æнхæст кæнун, ци ми ракорунцæ, уой.

в) Æз – исфæлдистадон адæймаг дæн.

* * *

**Нур ба дæ равзурст дзуæппитæмæ гæсгæ банимайæ дæ бæрæггæнæнти бæрцæ.**

Кæд æма фулдæр хæттити дзуапп **«а»** равзурстай, уæд ду, æцæгæйдæр, гъуддаги хуæрздæсни æма хъæбæр бæрнон адæймаг дæ. Хаттæй-хатт æгæр бæрнон дæр ма фæуйс. Фал, гъе уоми 'й дæ сæйрагдæр аййеп: цæмæй алцидæр тæккæ хуæздæр уа, уомæ тундзгæй гъавис дæ цæстæ айдагъ дæхе кустмæ нæ, фал иннети кустмæ дæр дарун, æма дин уомæ гæсгæ ба æгæр берæ рæстæг цъæхуæл кæнгæ рауайуй. Дæ зæрдæбæл дарæ – цæмæй хуарз разамонæг исуай, уой тухххæй иннетæбæл дæр æуæндун гъæуй.

Кæд æма фулдæр дзуапп **«б»** равзурстай, уæдта бæлвурд æй, хуарз æнхæстгæнæг ке дæ, е. Æцæг нæ арæхсис еудадзугон тухстаг уавæрти косун. Нæуæг ихæс æнхæст кæнунмæ бавналуни разæй дæ фæрæгъæуй еуцæйбæрцæдæр рæстæг расагъæс кæнун. Кадæр дæ хиццхиц кæнуй, уотемæй косун дæ бон нæй. Уомæ гæсгæ ба дæ дæ кусти бæрзонддæр бунатмæ ку бæллай, уæд расагъæс кæнæ, естæмæн дæ гъæуй – цæйбæрцæбæл бæрзонддæр уа бунат, уоййасæбæл уæлиауддæр кæнунцæ бæрнондзийнадæ æма нерви цъæхуæлтæ.

Кæд æма фулдæр дзуæппитæ **«в»** равзурстай, уæдта е уой æвдесæн æй, æма разæнгарддзийнадæй дессаги æнхæст дæ, фал уой хæццæ ба æгæр тæлтæг дæ. Уой фудæй, уоййасæбæл бæрнон косæг нæй, загъгæ, дæ нимайунцæ. Уотемæй ба дæмæ ес уæхæн аццъагъуитæ, цæмæй зингæ бæрзонддæр бунæттæмæ исхезай дæ кусти медæгæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Паддзах Иван Грозныймæ ци хъазар дорти æмбурдгонд адтæй, е нимад цудæй Еврупи тæккæ гъæздугдæрбæл. Уогæ сæ уотид рæсугъдæн не 'мбурд кодта – куд нимадта, уотемæй дорти алли хузи дæр адтæй æхе кæлæндзийнадæ, æхе аццъагъуæ. Загъæн, сапфиртæ 'й гъæуама гъæуай кодтайуонцæ е 'знæгти хинттæй. Уæд лали фæрци ба æ бауæри ци «кæдзос» кодта?**

а) Тог. **б)** Игæр. **в)** Гъудитæ.

**2. Загъун æнгъезуй, алли бæсти ес кетчупи сæхе национ рецептæ. Зонæнгинтæ куд загъунцæ, уотемæй фиццагидæр ба 'й исцæттæ кодтонцæ англисаг флоти наути, уордигæй ба фæстæдæр фæххæлеу æй æнæгъæнæ дуйнебæл. Æ искæнунæн ци гъæуй, еци хæйттæ ба бустæги хуматæг æнцæ: пъæмидори лæцъæрæ, гъæцæнтæ æма æртиккагæн ба... Куд хуннуй еци еума бафтауйнаг?**

а) Инсад. **б)** Дзумари. **в)** Муд.

**3. Рагон таурæхътæмæ гæсгæ аци тæхгæцъеуæн æ бæдæлттæ ку исæстонг унцæ, уæд æ реугудур ракъæрт кæнуй, æма сæ æ тогæй бафсадуй. Пусулмæнттæ ба 'й нимайунцæ сæ тæккæ цитгиндæр рауæн – Меккæ – исаразгутæй еуебæл. Куд хуннуй еци тæхгæцъеу?**

а) Фламинго. **б)** Пеликан. **в)** Уарий.

**4. Индий сæйраг сахар Делий хецаудзийнадæ ци сæрмагонд унаффæ рахаста, уомæ гæсгæ уоми гъæунгти дзæгъæл рацо-бацо ци гъоцитæ кæнонцæ, уони хъуртæбæл гъæуама ауигъд уонцæ финстæгутæ сæ хецæутти тухххæй бæрæггæнæнти хæццæ – цæмæй зундгонд уа, еци фиртæнттæ гъæунгтæй раласуни хæрзти фæдбæл ивар кæмæн рафинсонцæ, е. Нæкæси, индийаг таурæхътæмæ гæсгæ фиццаг «уæлфæдзæхст гъог» кæцæй рантæстæй?**

а) Айкæй. **б)** Лотосæй. **в)** Фордæй.

**5. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Иосиф Сталин Кремли æ косæн уати фарсбæл ци дууæ номдзуд балхоней хузæгæндтитæ нийййауиндзун кодта, уонæй еу адтæй Михаил Кутузов. Иннæ ба?**

а) Наполеон. **б)** Суворов. **в)** Багратион.

* * *

**Нур ба – раст дзуæппитæ нæ газети 44-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

**1.** Климент Ворошилов. **2.** Хельсинки. **3.** Даррелл. **4.** Венатортæ.

## В МИРЕ ИНТЕРЕСНОГО

Пингвин – единственная птица, которая может плавать, но не может летать. Кроме того, это единственная птица, которая ходит стоя.

* * *

**Температура крови у рыб Антарктиды может достигать – 1,7 градусов Цельсия.**

* * *

На Британской Имперской Короне ровно 1783 бриллианта, среди которых известная «Звезда Африки» (вес – 309 карат).

* * *

**Сердце кита бьется только 9 раз в минуту.**

* * *

Питьевой воде примерно 3 миллиарда лет.



* * *

**За последние 500 лет масса Земли увеличилась на миллиард тонн за счет космического вещества.**

* * *

Южный Крест – самое маленькое созвездие на небе, но в нем самая большая концентрация ярких звезд.

* * *

**Когда мы смотрим на самую дальнюю из видимых звезд, мы смотрим на 4 миллиарда лет в прошлое. Свет от нее, путешествующий со скоростью почти в 300000 км/секунду достигает нас только через много лет.**

* * *

Около сорока новых звезд появляется в нашей галактике каждый год.

* * *

**Слово «шахматы» произошло от персидского словосочетания «шах» и «мат», что означает «властитель умер».**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2639**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 01.12.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 01.12.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**